



Kesyon Konsènan Preferans Seksyèl ak Idantite Seksyèl

Enfòmasyon pou Pasyan yo



**Mèsi paske ou pran tan ou
pou reponn kesyon sa yo.**

Si ou gen lòt kesyon, ou mèt poze
pwofesyonèl swen sante ou a yo.



Pwojè sa a te jwenn sipò Administrasyon Resous ak Sèvis Lasante (Health Resources and Services Administration, HRSA) nan Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal (Health and Human Services, HHS) Etazini grasa yon sibvansyon \$449,985.00 ototal ki pa te gen okenn finansman nan òganizasyon non-gouvènmantral. Enfòmasyon yo ki nan tiliv sa a se zafè otè a oswa otè yo, epi yo pa nesèsman reprezante opinyon ofisyèl HRSA, HHS, oswa gouvènman ameriken an, epi yo pa nesèsman kore enfòmasyon sa yo nonplis. Pou plis enfòmasyon, ale sou HRSA.gov.

Rezon n ap mande ou preferans seksyèl ou ak idantite seksyèl ou se paske nou vle bay plis swen ki santre sou pasyan yo. Li tiliv sa a pou w ka konprann kisa kesyon yo siyifi, ak kijan nou pral itilize enfòmasyon yo pou amelyore swen sante pou tout moun.

KESYON: POUKISA Y AP POZE MWEN KESYON KONSÈNAN PREFERANS SEKSYÈL MWEN AK IDANTITE SEKSYÈL MWEN?

Lè nou gen enfòmasyon sou preferans seksyèl ak idantite seksyèl pasyan nou yo, sa ede nou konprann popilasyon n ap sèvi yo pi byen. Epitou, li pèmèt nou ofri swen ki apwopriye kiltirèlman ak ki konsantre sou bezwen espesifik yon pasyan.

KESYON: KISA IDANTITE SEKSYÈL YE?

Idantite seksyèl se sèks yon moun santi li ye anndan li. Li gendwa santi li se yon tifi/fi oswa yon tigason/gason, yon lòt bagay, oswa li pa ni youn ni lòt.

Mo "transjan" an dekri moun idantite seksyèl yo, ki vle di sèks yo idantifye ak li a, pa koresponn ak sèks yo genyen lè yo fèt la selon sa lasosyete abitye aksepte a.

- **Fi transjan** dekri yon moun ki te fèt gason epi li idantifye tèt li kòm yon fi.
- **Gason transjan** dekri yon moun ki te fèt fi epi li idantifye tèt li kòm yon gason.

Men kèk lòt idantite seksyèl ki genyen:

- **Sèks ki ka chanje:** dekri yon moun ki pa gen yon sèks fiks.
- **"Genderqueer"/pa ni fi ni gason:** dekri moun ki pa limite tèt yo ak okenn nan sèks tradisyonèl yo; yo pa idantifye tèt yo kòm ni tifi/fi ni tigason/gason.

KESYON: KISA PREFERANS SEKSYÈL YE?

Preferans seksyèl se fason moun dekri atirans emosyonèl ak seksyèl yo anvè lòt moun.

- **Etewoseksyèl** dekri fi ki se prensipalman gason ki atire yo, ak gason kote se fi prensipalman ki atire yo.
- **Masisi** dekri moun ki se prensiplaman moun ki menm sèks ak yo ki atire yo. Jeneralman mo "masisi" a refere a gason ki renmen lòt gason.
- **Madivin** dekri fi ki se prensipalman fi ki atire yo.
- **Biseksyèl** dekri moun ki gen atirans emosyonèl ak seksyèl pou ni fi ni gason. Kèk moun defini biseksyalite lè moun atire ak tout sèks.

Gen moun ki itilize lòt mo, tankou **queer (omo)**, pou dekri preferans seksyèl.

KESYON: E SI M PA FIN SÈTEN KIJAN MWEN TA DWE REPONN?

Ou kapab koche kaz ki di "**Mwen pa Konnen**" an si ou pa fin sèten, oswa ou ka pale ak pwofesyonèl swen sante ou.

KESYON: E SI PA GEN OKENN NAN KATEGORI YO KI DEKRI MWEN?

Gen plizyè preferans seksyèl ak idantite seksyèl. Malerezman, nou pa ka mete yo tout nèt. Si preferans seksyèl ouwa idantite seksyèl ou pa nan lis la, ou ka chwazi yon lòt kategori ouwa, si gen espas, ou ka ekri mo ou itilize pou dekri tèt ou.

KESYON: E SI MWEN PA VLE PATAJE ENFÒMASYON SA YO?

Ou kapab koche kaz ki di "**Chwazi pa pataje**" a. Pita, pwofesyonèl swen sante ou ka poze ou kesyon sa yo an prive, epi ou ka poze pwofesyonèl swen sante ou a kesyon tou. Ou pa janm oblije reponn si ou pa vle.

KESYON: KIMOUN KI PRAL WÈ ENFÒMASYON SA YO?

Pwofesyonèl swen sante ou pral wè enfòmasyon sa yo, epi yo ka fè pati dosye sante elektwonik ou. Si yon manm pèsonèl la ap mete enfòmasyon yo nan dosye ou, moun sa a ap ka wè repons ou yo tou. Si ou gen nenpòt pwoblèm, pale ak pwofesyonèl swen sante ou.

KESYON: KIJAN YO PRAL PWOTEJE ENFÒMASYON MWEN YO?

Enfòmasyon sou preferans seksyèl ou ak idantite seksyèl ou se bagay konfidansyèl epi lalwa pwoteje yo menm jan ak lòt enfòmasyon sante ou yo. Si ou poko gen 18 tan, paran/responsab legal ou ka jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Pale ak pwofesyonèl swen sante ou si ou gen nenpòt enkyetid.

KESYON: KIJAN YO PRAL ITILIZE ENFÒMASYON SA YO?

Pwofesyonèl swen sante ou a (yo) pral itilize enfòmasyon sa yo pou konprann epi satisfè bezwen swen sante ou yo pi byen. An plis, lè yo sanble enfòmasyon sa yo nan men tout pasyan yo sa pral pèmèt sant sante yo wè mank nan swen ouwa sèvis nan diferan popilasyon.

KESYON: POUKISA SANT SANTE YO MANDE ENFÒMASYON SOU PWONON?

Pwonon se mo yo itilize lè yo ap refere ak ou, san yo pa itilize non ou. Nan lang anglè a, gen pwonon apa pou fi (*she/her/hers*) ak gason (*he/him/his*) ak lè yo pa vle itilize maskilen ouwa feminen (*they/them/theirs*). Lè nou mande enfòmasyon konsènan pwonon, sa ede manm pèsonèl la refere ak pasyan yo kòrèkteman. Sinon, manm pèsonèl la pral oblije sipoze, sa ki ka fè moun nan wont ouwa santi y ap derespekte l.